

DONE TRANSZISYON ANTISIPE ETA DELAWARE

Timoun ak fanmi yo dwe fè eksperyans yon tranzisyon rapide epi ki gen amoni nan pwogram Entèvansyon Antisipe a Selon Pati C IDEA a rive nan Pati B Edikasyon Espesyalize a ak Sèvis ki lye yo. Sa gen ladan I yon konferans tranzisyon a tan ak distrik Lekòl dakèy la, yon evalyasyon inisyal a tan, detèminasyon elijibilite ak IEP inisyal yo te devlope ak mete an plas pa pi ta pase 3èm anivèsè yo.

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan I Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankorajé ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezulta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pefòrmans nan nivo Eta (SPP) k ap dékrit kòman li pral amelyore rezulta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezulta yo kouvrì domèn tankou, tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pefòrmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo



Endikatè 12- Tranzisyon Anfans Antisipe

Pousantaj timoun yo refere pa Pati C avan laj 3 lane, ke yo twouve elijib pou Pati B, epi ki gen yon IEP yo devlope epi aplike avan 3èm anivèsè yo.

Mezi & Kalkil:

Kantite timoun yo twouve elijib yo ki gen yon IEP yo devlope epi aplike avan 3èm anivèsè yo

Kantite timoun ki te ap sevi yo bone nan Pati C a epi pou refere yo vè Pati B pou detèminasyon elijibile an nan Pati B a	(-) Kantite timoun yo refere yo detèmine pou yo PA elijib kote elijibile te detèmine avan 3èm anivèsè yo	(-) Kantite timoun paran refize pou yo founi konsantman te lakoz reta nan evalyasyon oubyen sèvis inisyal yo oubyen eksepsyon yo daprè 34 CFR §300.301(d) yo aplike	(-) Kantite timoun yo detèmine pou elijib pou sèvis entèvansyon antisipe yo selon Pati C mwens pase 90 jou avan 3èm anivèsè yo	(-) Kantite timoun paran yo te chwazi pou kontinye sèvis entèvansyon ki depase 3èm anivèsè timoun nan atravè politik yon Eta selon 34 CFR §303.211 oubyen yon opsyon Eta similè.
--	--	---	--	--

Endikatè 12: Done Tranzisyon Kòmansman Anfans, Reyèl epi Pwopoze

FFY	2014	2015	2016	2017	2018	2019	2020
Target	100%	100%	100%	100%	100%	100%	100%
Data	97.84%	98.86%	98.55%	89.11%	93.68%	91.56%	